ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№177 (22.085) ● 2011 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 21, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Дзыхьыр зэрыдгъэпэжыфынум шэч къытесхьэркъым

«Сочи-2011» дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм къриКIуахэм ятеухуауэ КЪБР-м и Президентым жиIар

Къанокъуэ Арсен кьызэрилъытэмкIэ, «адрей Iуэхуэхм кьадэкIуэу биджектхэм я зэпыщIэныгъэхэм, нэгъуэщI финанс Iэмалхэм зэрытепсэлъыхьар щIыналъэхэм псынщIэу зегъэужьыныкъмкIэ сэбэн хъуфаиуцI.

- Псалъэмакъым сэрэныгаршхуэ иIащ. Дэ тфIэгъэщIэгъуэу зэIущIэм хэта адрей ди гъунэгъуэм дечэнджещащ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я къэКIуэныкIэ, - кьыхигъэщащ Президентым.

КЪБР-м и Унафэщ1ым апхуэдэу хэхауэ кьигъэльэгъуащ язынкьуэу Iуэхуэхм зрагъэщIыныкмкIэ полномочиехэр щIыналъэхэм ятеухуауэ зэIущIэм щыжаIахэр: «КъызэрысщыхьумкIэ, Москва щIыпIэу унафэ псори пхуэщIынукъым. Щ1ыналъэхэм ящ1ынтыр щ1ыпхудгъэкIыну Iуэхуэрэ щIыпIэ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм дэ нэхъыбэрэ дрохьэлIэ. Араущ дзыхь нэхьыбэ кьыхуащIыну щIыналъэхэр щIыпIэхэр».

Къанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхуКIащ щIыналъэхэм инвесторхэр зэхьдэжу кьеШIэлIэным хуэфащэ гулыитэ зэригъэуэтари: «Инвесторхэм я жьджэрагъыр куэдкIэ етыытащ абыхэм папщIэ властым и унафэщIхэм кьызэрагъэпэщ Iэмалхэмрэ езы инвесторхэм дэтхэнэ субъектым хуащI дзыхьыр зыхуэдизымрэ. Абы и лъэныкъэкIэ, зэуэ иджыпсту мыхъуми, тIэкIу нэхъ иужьыIуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрми къэсынущ щIыналъэ нэхъ инхэм щылажь инвесторхэр.

КЪБР-м и Президентым апхуэдэу жиIащ экономикэ зэIущIэшхуэр щекIуэкIа махуэхэм КЪБР-мрэ ХьумапIэ банкымрэ зэращIыла зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ республикэм и Iуэхуэ1апIэхэм хухах кредитхэр нэхьыбэ зэращIынур: «Дидджкъ1 икъуКIэ щIэщIыхьуэ щIэщ Урысеим и банк нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым республикэм и щIыналъэм щагъэзащIэ проектхэм папщIэ ахъщэ кьызэриутIыпщым. Иджыпсту дэ ХьумапIэ банкым хьарзынэу дыдолажьэ икIи а зэпыщIэныгъэм адэкIи зедгъэубгъуну дыщоугуфь.

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Ерыскъыр щызэблэу къэмыхъун папщIэ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр кьызэрыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и унафэщI Чеченов Ануар. Депутатхэм яущIыгъуу (лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и яп кьуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым.

ГСОМ япэу депутатхэр зэпльащ УФ-м и субъект зыбжанэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкIыныкмкIэ кьыхалъхьа жэрдэмхэм ящыщу КЪБР-м и Парламентым кьыIэрыхьакъэм.

Аграрнэ политикэмрэ щыIэ IуэхуэхэмкIэ комитетым и унафэщI **Пльхъугу Хьэжмурид** зэIущIэм кьыщыхилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ерыскъыи и лъэныкъуэкIэ щынагъуэншагъэ кьыщыхьэпэщыным и Iуэхуэ1экIэ законопроектыр. Абы къигъэлъэгъуащ КЪБР-м ерыскъыи и лъэныкъуэкIэ щынагъуэншагъэ кьыхуэзгъэпэщыным хуэунэтIа къэрал политикэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр мы документым зэрирбгъыхур икIи агропромышленнэ комплексым зеГъэужьыным, цIыхухэр зыхуеинум хуэдизу икIи еззгъырабгъуу ерыскъыхьэкIэр кьыщIэтпэкIыным, сырыем елэжь промышленностыр тэмэму зэтегъэувэным ехьэлIа хабзэ мардэхэр зэхэтхьэныкмкIэ ар лъабжьэ тэмэм зэрыхьунур.

-Социальнэ Iуэ хуэхэм зеламкъэ, сатум пымыщIа Iуэхуэщ1апIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ етыным теухуауэ- КЪБР-м и законым и проектым тепсэлъыхьащ Щ1алэгъуалэм, жылагъуэ зэгухэныгъэхэм, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэ хэм я Iуэхуэхмкlэ комитетым и унафэщI **Хьэщхъуэжь Татьяна**. Мы документыр федеральнэ законодательствэм ия зэманым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм ятещIыхьауэ ягъэ хъэзыращ икIи абы еубзыху ищхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа Iуэхуэщ1апIэхэм зэрырагъэубгъуну щIыкIэр. Депутатым кьыхигъэщхьэхуКIащ мы законопроектым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ зэгухэныгъэхэм я лIыкIуэ хэр хэту зэрыхэпльар.

Депутатхэр апхуэдэу хэпльащ си школ кIуэгъуэ мыхъуахэр зэкIуалIэ Iуэхуэщ1апIэ хэм, пэщIэдзэ, курыт еджапIэхэм сабий псори пщIэншэу щеджэныр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ еджапIэхэм щIэныгъэ гуэдзэн щызрагъэгъэтыныр кьызэгъэпэща хъун папщIэ дэтхэнэ Iуэхуэщ1апIэмкI къеКIуалIэ еджакIуэхэм я 6 жыгъэм тещIыхьауэ бюджетахъшэр зэрыхуауатIыпщ законым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм. Къэбджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ комитетым и унафэщI **Даур МуIед** зэрыжиIамкIэ, законопроектыр зэхалъхьащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Путин Владимир егъэджэныгъэр къэгъэщIэрэщIэжьныкмкIэ кьыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ яубзыхуа проектыр гъэзэщIэным тещIыхьауэ. Курыт еджапIэхэр зэрагъэпэщыжьын папщIэ щIыналъэхэм федеральнэ бюджетым и ахъшэкIэ кьаэрыдэIэпыкъунум кьыхэкIыу мы документым и купщIэр зыхуэунэтIар апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэм и фIыщIэкIэ кьыдагъэхуэну финансхэр егъэджакIуэхэм я улахуэр процент 30-кIэ къэIэтыным, школхэм щыпажьэхэм къаIэрыхьэ хьэхуэхэр мы документым и адрей Iэнатlэхэм пэрытхэм ику ити къалэжьым нэгъэсыным тегъэкIуэдэнырщI. ЕгъэджакIуэхэм я улахуэм хущIагъуну ахъшэр бюджетым кьыхэхынущ. «Курыт еджапIэхэмрэ зи ныбжьыр школ щIэтIысхьэгъуэм нэмысахэр зэкIуалIэ Iуэхуэщ1апIэ хэмрэ я лэжьакIуэхэм бюджетым кьыхэхIыу еджакIуэхэм я бжыгъэм тещIыхьауэ хуэхуэтIыпщ ахъшэр процент 21-кIэ нэхъыбэ яцIынущ», - пыухыкIау кьигъэльэгъуащ депутатым. КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар кьыхигъэщхьэхуКIащ мы законопроектыр икIуэкIэ игъуэу зэрагъэжъэырар, абы мыхьэнэшхуэ зэрилъэ икIи депутатхэр кьыхуриджащ республикэм и Парламентым и зэIущIэм ар нэхъ псынщIэу кьыщыхалъхьэн папщIэ егугъуу елэжьыну.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Сон Александр Александр и къуэм унафэ кьэзыщтхэм яущIу Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщIыхьыным и Iуэхукъ1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм фокIадэм и 16-м Налшык къалэ №5/1-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэмкIэ я хуитныныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яI» хуитныныгъэмрэ кьызэрэпэщыныкмкIэ Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхуэ1э» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьащта Федеральнэ закон №67- ФЗ-м и 29 статьям и пункт 6-м и «а» пункт къуэдзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукI» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукI» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4 статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Сон Александр Александр и къуэм щыIэ щхьэщIыхьын унафэ кьэзыщтхэм ящыщу Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр.

2. Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм щыхагъэкIыжам и пIэм ягъэувынум теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыIахыр хIуэщIыIу щIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьыбгъэдэкI хьыбарегъащIэ тхыгъэр кьэщтэн (мы унафэм щIыгъущ).

4. Мы Унафэр цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхуэщ1апIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2011 гъэм фокIадэм и 16-м кьыдэзыкIа Унафэ №5/1-5-мкIэ кьыщтащ

Унафэ кьэзыщтхэм ящыщу Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм кьыхагъэкIыжам и пIэкIэ ягъэувынум и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыIахым и Iуэхукъ1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьыбгъэдэкI хьыбар

Унафэ кьэзыщтхэм ящыщу Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщхьэщахам кьыхэкIыу, «Урысей Федерацэм и щIыхуэм хэхьныгъэмкIэ я хуитныныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яI» хуитныныгъэмрэ кьызэрэпэщыныкмкIэ щхьэщIэнэхьэным я Iуэхуэ1э» Федеральнэ законым и 26 статьям и пункт 6-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хьыбар фетхьащIу унафэ кьэзыщтхэм ящыщу щIэуэ Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хагъэхьэным и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыIихьмкIэ.

Документэр мы хьыбарегъащIэр кьыщытрадзам щегъэжьауэ махуи 5-кIэ кьыщыIахынущ мы кьыкIэлыкIуэ адресымкIэ: КЪБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ №27, пэш №151. Телефонхэр: **47-64-42, 40-26-88.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэ.

●ХъыбарыфI

Сэбаншы Мартин и дыжьын медаль

Щ1алэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ атлетикэ хьэлъэмкIэ я зэхьэзэхуэ Румынием и къадащхьэ Бухарест иджыблагъэ щекIуэкIащ. Урысей Федерацэм и къэзакъ1э зы, дыжьыну тIу кьыщахьащ.

КИЛОГРАММ 94-рэ зи хьэлъагъэр зыхэта гупым етIуанэ увыпIэр кьыщIихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен, атлетикэ хьэлъэм щыхуагъасэу Тырныауэ дэ т школым щыщ Сэбаншы Мартин.

Мартин зэрыкIэлъмкIэ, иджыщ япэу дунейпсо утыку щихьар икIи и Iуэ-сакIуэ, УФ-м щIыхь зиI» и тренер Маккаев Махьтыи и чэнджэщхэр кьыхуэхьэпащ.

А зэхьэзэхуэм кьыщыхахащ щэкIуэгъуэм и 5-м Франджым щызэхэтыну дунейпсо чемпионатым кьуэнуэр. «Иджыгей екъулIэныгъэр щIэдзапIэу аращ. Кьыгтэпльэ зэхьэзэхуэм текIуэныгъэ кьызэрыщытхьыным кьару псори етхьэлIэнущ», - жиIэ спортсменым и тренер Маккаевым.

ТАРИМ Алисэ.

Республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм теухуауэ хьыбар зэревгъащIэ хьуну телефонхэр.

ВЛАСТЫМ и лIыкIуэхэм яIыгъ кьулыкъущхьэ я щхьэ Iуэхуэкlэ кьызэрагъэсэбэпым, лэжьыгъэм ехьэлIа, уголовнэ законодательствэр кьызэрызэпаудым фыщыгъуаззмэ, а телефонхэмкIэ Администрацэм и лэжьакIуэхэм захуэвгъаззэхъунущ. Хэлущыныу фщIыну фызыгешыныхь Iуэху гуэрхэм фытепсэлъыхьынумэ, КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакIуэхэм зыкъыфпащIэ зэрыхьуну телефоныр къэвгъэлъагъуэмэ зэфIэкIынущ. ЦIыхухэм кьабгъэдэкI дэтхэнэ хьыбарри урысей законодательствэм кьызэригъэувым тету зэхагъэкIынущ хабзэхъумэ, кьэпщытакIуэ органхэм. Хьыбарыр кьызыбгъэдэкIар хэIущIыну ящIынукъым.

Телефонхэр: **8(8662) 47-17-79, 47-32-56.**

Сирием екъэдIауэ ООН-м Щынагъуэншагъэмкlэ и Советым Урысеим кьыщыгъэльагъуэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр цIыпIэ нэхъ ткIийкIэ иригъэхьужыну.

Ар аргуэру зэ наIуэ щыхьащ вэсэмахуэ пщыхьэщхьэм Урысей Федерацэм и МИД-м и унафэщI Лавров Сергейрэ США-м и къэрал секретарь Клинтон Хилларирэ щызэIущIам.

Клинтон и ужь итащ Сирием щекIуэкI къэрал кIуэцI кьаутъэм нэхъ ткIийкIэ Урысейр ООН-м щыпдджэжьым теухуауэ Лавров Сергей игъэпсэльэну.

- Сэ жысIэркым Лавров ди Iуэху бгъэдыхьэкIэр кьыддиIыгыну арэзы хъуауэ, ауэ абы къытетщэным дяпэкIи тедгъэчыныхьынущ, - жиIащ къэрал секретарым.

НэхъапэIуэкIэ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий кьыжиIат ООН-м Щынагъуэншагъэмкlэ и Советым Сирием теухуауэ кьищтэ резолюцэр УФ-м зэрыдиIыгынур, ар кьаугъэм хэт лъэныкъуитIми яхуэгъэзауэ, Сирием санкцэхэмкIэ тегупIэным трамыгъащIэу яубзыхуэмэ. Ауэ апхуэдэ резолюцэр къэщтэным и бийщ США-ри Европэм и къэрал зыбжани.

Палестинэм дэIэпыкъу

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащIэ Iэнатlэм кьызэритымкIэ, Саудей Хьэрыпым доллар мелуан 200 хуеутIыпщ Палестинэм и лъэпкъ администрацэм, ар зыхэхуа финанс кризисым бгъIутIэуцIэу кьыхэкIыфын папщIэ дэIэпыкъу.

Саудей Хьэрыпым финансхэмкIэ и министр Иброхим аль-Асаф абыкIэ хьыбар иригъэщIащ ПНА-м и правительствэм и унафэщI Файяд Салам.

Файяд вэсэмахуэ хэтащ Палестинэм дэIэпыкъ къэралхэм я зэIущIэу Нью-Йорк щекIуэкIам икIи а конференцым зыубгъуауэ кьыщигъэльэгъуащ ПНА-р нобэ зэрыт экономикэ щытыкIэр зыхуэдэр. Абы зэрыжиIамкIэ, Палестинэм и администрацэм кьехъуIащ хамэ къэралхэр кьызэрыдэIэпыкъу мылькъур игъэмащIэну. ВАФА IуэхущIапIэм кьызэритымкIэ, мы гъэм Палестинэм дэIэпыкъуу, хамэ къэралхэм хуаутIыпщым хуейщ доллар 1 мелард, ильэсищ и пэкIэ а бжыгъэр доллар мелард 1,8-м нэсу щытащ. Абы кьыдэIэпыкъу къэрал нэхъыщхьэхэм ящыщщ Евросоюзыр, США-р, Японинер, хьэрыпэ къэралыгъуэхэр.

♦ Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ

♦ Ермэлы (Армян) Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ - 1991 гъэм къэрал щхьэхуит хьужащ.

♦ Белизым и лъэпкъ гуфIэгъэщ - 1964 гъэм къэрал щхьэхуит хьуащ.

♦ Мальтэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ - 1964 гъэм къэрал щхьэхуит хьуащ.

♦ФокIадэм и 21 - 23-хэм Женевэ (Швейцарие) щызэхэтынущ хьыбарегъащIэ Iуэхуэщ1апIэхэм я Европэпсо зэгухьэныгъэм и Ассамблее Нэхьыщхьэр.

♦ 1827 гъэм генерал Ермолов Алексей Кавказым ирагъэкIыжащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ пшэр техьэ-текIыу щытынущ. Шэджагъуэ нэужьым уэгур нэхъ кьабзэ хьунущ. Хуабэу махуэм градус 20, жэщым - градус 17 щыIэнущ.

ПIалэнэр зыгъэхъэзырыр **ГЪУЩIО Зарифат.**

Льэпкъ Iущыгъэ:

МафIэ зыщIамыщIым пщафIэм щищIэн щыIэкъым.

Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ и пшыхь дахэ

●Юбилей

Къэрэшей-Шэрджэсым и Хьэбэз кьуажэм фокIадэм и 16-м щекIуэкIащ адыгэ усакIуэ, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхьыщхьэ - директор Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ и ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъум и щIыхькIэ кьызэрагъэпэща творческэ пшыхь.

УСАКIУЭМ и пшыхьыр зэдаэтыну хэгъэрейхэм кьищыIэмышIауэ зыкьыгъэхьэлIат Адыгей, Къэбэрдей-Балъкъэр, Дагъыстэн, Щ1эщIэн республикэхэм, Краснодар крайм, Абхъазым, нэгъуэщI щIыпIэ куэдми кьикIа хьэщIэхэм. Абыхэм хуэфэщэн пщIэ льагэ хуащIащ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ и творческэ зэфIэкIэхэм икIи тыгъэ щхьэхуэхэмкIэ ар ягъэльапIащ.

Хьэбэз къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щызэхэта пшыхьым щыIу куэд дыдэ кьриыхьэлIат. Абыхэм я пащхьэм щагъэIуащ Урысей Федерацэм и Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ Афганистанымрэ Абхъазымрэ лIыгъэ хэлъу зэрыщIэзыгъэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кьудамэр екъулIэныгъэкIэ кьиухыу школым зэрыщIигъэджар, КъБР-м кьыщыдэкI «Советская молодёжь», «Адыгэ псалъэ» газетхэм зэрыщылэжьар. ИужькIэ Къэрэшей-Шэрджэсым игъэзэжауэ илъэсибгъу хьауэ «Черкес хэку» и редактор нэхьыщхьэу зэрыщытми, фIы куэд кьызэрыдэкIуари, кьэпсэлъахэм кьыкагъэщащ.

Пшыхьыр нэхъри ягъэбжьыфIащ щIыпIэ артист гъуэзэджэхэм кьищынэмыщIауэ псоми фIыуэ яльагъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIасэу Сокъур Ольгэ, Ас льэн Iэсият, Хьэрэущэ Динэ сымэ ягъэзэщIа уэрэдхэм.

ХЬЭТАУ Исbatям.

●Юбилей

Сирием екъэдIауэ ООН-м Щынагъуэншагъэмкlэ и Советым Урысеим кьыщыгъэльагъуэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр цIыпIэ нэхъ ткIийкIэ иригъэхьужыну.

Ар аргуэру зэ наIуэ щыхьащ вэсэмахуэ пщыхьэщхьэм Урысей Федерацэм и МИД-м и унафэщI Лавров Сергейрэ США-м и къэрал секретарь Клинтон Хилларирэ щызэIущIам.

Клинтон и ужь итащ Сирием щекIуэкI къэрал кIуэцI кьаутъэм нэхъ ткIийкIэ Урысейр ООН-м щыпдджэжьым теухуауэ Лавров Сергей игъэпсэльэну.

- Сэ жысIэркым Лавров ди Iуэху бгъэдыхьэкIэр кьыддиIыгыну арэзы хъуауэ, ауэ абы къытетщэным дяпэкIи тедгъэчыныхьынущ, - жиIащ къэрал секретарым.

НэхъапэIуэкIэ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий кьыжиIат ООН-м Щынагъуэншагъэмкlэ и Советым Сирием теухуауэ кьищтэ резолюцэр УФ-м зэрыдиIыгынур, ар кьаугъэм хэт лъэныкъуитIми яхуэгъэзауэ, Сирием санкцэхэмкIэ тегупIэным трамыгъащIэу яубзыхуэмэ. Ауэ апхуэдэ резолюцэр къэщтэным и бийщ США-ри Европэм и къэрал зыбжани.

Палестинэм дэIэпыкъу

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащIэ Iэнатlэм кьызэритымкIэ, Саудей Хьэрыпым доллар мелуан 200 хуеутIыпщ Палестинэм и лъэпкъ администрацэм, ар зыхэхуа финанс кризисым бгъIутIэуцIэу кьыхэкIыфын папщIэ дэIэпыкъу.

Саудей Хьэрыпым финансхэмкIэ и министр Иброхим аль-Асаф абыкIэ хьыбар иригъэщIащ ПНА-м и правительствэм и унафэщI Файяд Салам.

Файяд вэсэмахуэ хэтащ Палестинэм дэIэпыкъ къэралхэм я зэIущIэу Нью-Йорк щекIуэкIам икIи а конференцым зыубгъуауэ кьыщигъэльэгъуащ ПНА-р нобэ зэрыт экономикэ щытыкIэр зыхуэдэр. Абы зэрыжиIамкIэ, Палестинэм и администрацэм кьехъуIащ хамэ къэралхэр кьызэрыдэIэпыкъу мылькъур игъэмащIэну. ВАФА IуэхущIапIэм кьызэритымкIэ, мы гъэм Палестинэм дэIэпыкъуу, хамэ къэралхэм хуаутIыпщым хуейщ доллар 1 мелард, ильэсищ и пэкIэ а бжыгъэр доллар мелард 1,8-м нэсу щытащ. Абы кьыдэIэпыкъу къэрал нэхъыщхьэхэм ящыщщ Евросоюзыр, США-р, Японинер, хьэрыпэ къэралыгъуэхэр.

Я бынхэм я псэр щата лъахэм макIуэ

●Гулъытэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ФОКIАДЭМ и 19-м Налшык къалэ щрагъэжьащ куржы-абхъаз зауэм зэкIуэда адыгэ щIалэхэм я адэ-анэхэр, щхьэгъусэхэр, я бинхэр. Гъэ къэси хуэдэу, ахэр ирилъэблэгъащ Абхъаз Республикэм и Правительствэм икIи Пищундэ дэт санаторэм зыщагъэпсэхунущ.

Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Яхэгуауэ Къаз-бэч кьызэрыджиIамкIэ, мы гъэм цIыху 40 макIуэ «Псэм и лъахэм» - ар зауэм хэкIуэда щIалэхэм я адэ-анэхэрэ, ахэр мыпсэужмэ, я щхьэгъусэхэрэ я бынхэмрэщ. Унагъуэ къэс цIыху тIурытI икIыу араща.

Санаторэм зыщызыгъэпсэхуну гупым ди къуэшу республикэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэр ирагъэльэгъунущ, апхуэдэуи ТекIуэныгъэ иным теухуауэ Сыхъум щекIуэкIыну гуфIэгъуэ зэхъыбэхэм фокIадэм и 30-м хэтынущ.

Апхуэдэ гулъытэ хахуэзыщI Абхъазым и унафэщIхэм яхуэзарэзыщ хэкIуэда щIалэхэм я адэ-анэхэри я щхьэгъусэхэри. Я бынхэм я псэр щата лъахэм гъэ кьэси ихьэныр яфIэфIщ абыхэм, ди зэхуаку дэлъ къуэшыгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ нэхъри ягъэбыдэу.

КЪБР-м и Президентым, Правительствэм кьабгъэдэкIыу екъулIэныгъэ, бын гуаугъэм зи гур цIыкIу ищIа, апхуэдэу щытми, абыхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэм ноби иригъэ цIыхухъэхэмрэ цIыхубзхэмрэ иригъэжьащ КъБР-м щIалэгуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныкмкIэ и министрым и кулыкъуэр зыгъэзащIэ Пащты Борис.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр йокIуэкI.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Ерыскъыр щызэблэу къэмыхъун папщIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м и Парламентым ХхуэнагъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщI **Гриневич Валерий** кьыхутьхьри, Президиумым хэтхэр тепсэльыхьаш «Дзэкъулыкъум кьыхагъэкIыжа цIыхухэмрэ абыхэм япэлыта- хэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм пщIэншэу е социальнэ зэгурыIуныгъэм тету псэупIэ унэхэр зэрыщарат, псэупIэ кьащхэри е иратащIыж папщIэ зэрыIытыжу ахъшэ зэрыщыхъах щIыкIэм и Iуэхуэ[1]» КъБР-м и законым и проектым. Мы документым еубзыху абы и псалъащхьм къыщыгъэльэгъуа цIыху гупхэм ящыщу псэупIэ зэрыхэуныкьуэм кьыхэкIыу 2005 гъэм щIышылэм и 1-м япэкIэ зезыгъэтхаэм федеральнэ бюджетым и ахъшэкIэ зэрадэIэпыкъу щыкIэр.

Законхэр кьыдэгъэкIыныжмкIэ, къэрал хуэхкIэмкIэ комитетым и унафэщI **Бишэ Заур** парламентархэм я пащхьэ кьриубзыхащ «Нэгъуэщ кьэралхэм я лIыкIуэ Iуэхущапхуэ, я лIыкIуэу КъБР-м и щIыналъэм щыIэхэм я Iуэхукъ[2]», «КъБР-м и кьэрал граждан кьулыкъущIэхэм я Iэщlагъэм, щIэныгъэм зэрыхагъахьуэм, дзэжьагъэм зэрыхуагъаесм и Iуэхукъ[3]», «КъБР-м и унафэщI лжьакIуэхэм я Iэнатlэхэр зезыхьэфынухэр гъэхьэзырыным и Iуэхукъ[4]» законхэм я проектхэр. Кьапщтэмэ, иужьрей документым кьыщыгъэльэгъуащ унафэщIу дзжьэфынухэр кьыхэхьныжрэ егъэджэныжкIэ КъБР-м и Президентым и деж комиссэ щхьэхуэ кьыщыгъэзэнэщIыхьэу.

ЗэIущIэм кьыщыпсэлъахэм ящыщ куэдым кьагъэлъэгъуащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэрал казнам и Iуэхукъ[5]», «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэм бзэзрэхэм я дзжьыгъэр кьыхэзыщIзэрагъэпэщ щIыкIэм и Iуэхукъ[6]» КъБР-м и законхэм зэхъуэжьныгъэхэр хэлъхьэн хуейуэ кьыхэзыральытэр.

ИщхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа документ псори, абыхэм депутатхэр, зыхуэфащэ органхэмрэ Iуэхущапхэмрэ щелэжьажа ныжь, КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм кьыщыхалъхьэнущ.

Президиумым хэтхэр зэчэнджэщри, унафэ кьащтащ Абазэ Артур СультIан и Iуэхум - Бахьсэн кьалэ округым щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и органым и советым и депутатым, «Дыщэ щхьэмыж» ООО-м и статьям, «УжькачIуэхэу Мыд БетIал ХьэтIохьущкьуэ и кьуэм - генеральнэ директорым, ТхьэкъуахьэУ Мурадин Анатолий и кьуэм - механизаторым КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхьылъыр етыным теухуауэ.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ **Къуэшырокьуэ Залым** кьыхэзыхильхьам кьыхэкIыу депутатхэм кьытрагъэзэжри хэпльащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орден кьыдэгъэкIыным. Зыхуэфащэ комитетым чэнджэщ ираташ абы папщIэ зыхуеину документхэр Парламентым и зэIущIэ щекIуэкIынум ирихьэлIэу игъэхъэзырыну.

КъУщырокъуэ Залым кьыхигъэщхьэхуКIаш КъБР-м и Президентым и жэрдмкIэ щIыхубэр тепсэльыхьыш папщIэ кьыхалъхьа мыхьэнэщхуэ зиIэ документыр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэкIуэкI льэпкъ политикэм и концепцэм и проектыр гъэхьэзырыным депутатхэм кьаруушхуэ зэрырахьэлIар. Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар кьигъэльэгъуащ «Концепцэр кIэухыу кьыщащтэкIэ, цIыхубэм я Iуэху епльыкIэр Iмал имыIэу кьызэральытэнур» парламентархэм я фIэщ зэрыхъур.

ЗэIущIэм нэгъуэщI Iуэху зыбжанэми щытепсэлъыхьащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьян,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапхэм я лэжьакIуэ.

Жэпуэгъуэм и 18-м, псэужамэ, ильэс 70 иригъэкIуат КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий. Мы сурэтхэм щыгъуэзагъуэ ар Дунейпсо Адыгэ Хасэм и V Конгрессым зэрыщIэсымрэ ветеранхэм зэрагъэпщIамрэ.
Сурэтыр 2000 гъэм трахащ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩIэпхъаджащIэхэм я хъым ныбжьыщIэхэр иры ремыцубыд

Урысейм и ФСКН-м и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэмрэ республикэм щыIэ МВД-мрэ я Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, гъэкьыкIуэхэр хэту КъБР-м и прокуратурэм щекIуэкIа, а Iуэхущапхэхэм зэдаш зэгъущIэм щыхэзгъэхьажащ наркотикхэкIхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ, абыхэм хуагъадэ щхьэухьхэр хабзэм ксемызэгъыу зэзыгъэкIуэкIхэр кьэхутэным, жэуапым ешэлIэным хуэунэтIапэу мы гъэм и япэ мази 6-м зэфIагъэкIаэр.

КъЫЗЭРАГЪЭПЪЭГЪУАМКIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэу ягъэжьащ 2011 гъэм и процент 97,1-р (нэгъабэ 94,4-р) кьыщIагъэщащ.

Iуэхущапхэхэм зэдай зэIущIэм и унафэщI, республикэм и прокурорым и кьуэдзэ Махуэ Артур кууэ зэпхьрахащ наркотик щхьэухьхэр зезыгъакIуэ щIэпхъаджащIэхэр кьэхутэным, абыхэм я хьэгъащтэхэр кьыхэзныдуным, кьыщIэгъэщынмкIи зэхэгъэкIыным хуэунэтIауэ ар зи пщэрылъ хабзэхъумэ IэнатIэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр. Бзаджащ IэкIэм нэхъыбэу кьытраххэм яшащщ марихуанэр (грамм 71863-рэ), гашишымрэ гашиш дагъэмрэ (грамм 7472-рэ), IущхьэхэкIыр (грамм 2142-рэ). Абы кьегъэлъагъуэ хабзэм кьемызэгъыу республикэм щызэрагъэкIуэкI щхьэхъ куэдыр псомэ тыншу ягъэут гуфгъуэрыкI щIэпым, Iущхьэм, ерыскъыпхъэ Iущхьэм кьызэрыхащIыкIар.

Iутыпэтэ хэуащIу зэIущIэм щагъэбелджылащ ныбжьыщIэхэр щIэпхъаджащIэхэм я хъым имыхуэн, наркотикхэкIхэр щызэрахъэ щIыпIэхэр сэжей кьащIым папщIэ лэжьыпхъэхэр.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапхэмрэ.

● Прохладнэ кьалэ

Гъуэгухэм йогугъу

Прохладнэ кьалэ администрацэм и Iэтащхьэ Пархоменко Юлие иригъэкIуэкIащ кьалэ уэрамхэм я гъуэгу щыкIагъэншащэр кьызэрыщызэрагъэпэщ щыкIэр егъэфIакIуэныжмкIэ лэжьыпхъэхэм теухуа зэIущIэ.

ЯПЭУ зэпкьрахащ гъуэгу дамыгъэхэм я щытыкIэр зыхуэдэр. «УжькX-м и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Подрезов Павел зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ дамыгъэу 36-рэ кьалэм щагъэуващ, фокIадэм и 15 пщIондэ иджыри 44-рэ щIыпIэ хэхахэм трагъэувнущ. Кьэлэдэхэм я лъэIыкIэ, гъущI гъуэгу вокзалымрэ «Влаз» тыкуэнысшхуэмрэ я Iэшэлъашэхэм автомашинэхэм я хуабжьагъэр зэтезыIыгъэ лъэпощхьэпо Iэрыщlкэр хащIыхьащ, гъуэгу зэпрыкIыпIэхэр зэгъэбелджылащ.

Кьалэ администрацэм лъэсырыкIуэхэм я шынагъэуэшагъэм гупльытэ хэха хуеиущ. Гъуэгу дамыгъэхэр кьыхэгъэбелджылкIыным мы гъэм сом мин 218-рэ хухахащ. Урысейм и МВД-м Прохладнэ кьалэм щиIэ ГИБДД-м и унафэщI Волощук Александр кьыззригъэльэгъуэмкIэ, лъэс зэрыкIыпIэхэм я бжьыгъэм зэрыхэтхэхэуам Гъуэгум кьыщыIыу нэсыпыншагъэхэр ягъэмощIэнущ. Абы кьыхигъэщащ дэтхэнэ ерджапIэм дежи «Сабийм фахуэхэсакъ» гъуэгу дамыгъэхэр щыгъэувын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ гъуэгухэр кьызыхуэтынщу зэгъэпэщыжыным пищIа Iэмхуэм. Мы зэман гъунэгъум Мэзкуурэ Голоковкэр я щIкIэ щыIэ уэрамхэм асфальт тралъхьэнущ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● КъыхэтхыкIыныгъэ-2011

Къэбэрдей-Балькъэрым ис цIыхухэм я бжыгъэмрэ ахэр жылагъуэхэм зэрытегуэшамрэ

2010 гъэм Урысей псом цIыхухэр кьызэрыщыхатхыкIам кьрикIуахэм кьызэрагъэльэгъуамкIэ, КъБР-м району 10, кьалэу 8, кьуажэу 169-рэ щыIэщ. 2010 гъэм и жэпуэгъуэм ирихьэлIэу республикэм щыхуэ исам я процент 46,8-р цIыхухъущ, процент 53,2-р цIыхущ. 2002 гъэм цIыхухэр кьыщыхатхыкIауэ щытам щегъэжьауэ КъБР-м щыпсэухэм я бжыгъэр 41692-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

2010 гъэм КъБР-м и кьалэхэм цIыху мин 468,3-рэ (процент 54,5-рэ) дэсащ. ЦIыху псоми ящыщу кьалэхэм дэсхэр республикэм щынэхъ мащIэщ - Осетие Ищхъэрэм (процент 63,8-рэ), Ставрополь крайм (процент 57,2-рэ) нэхъ ра, эуа Дагъыстэнми (процент 45,3-рэ), Ингушым (процент 38,3-рэ), Къэрэшей-Шэрджэсым (процент 42,3-рэ), Шэшэным (процент 35-рэ) нэхъ щынэхъыбэщ.

Къуажэхэм щыпсэу цIыхухэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округымрэ КъБР-мрэ мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу щытегуэшащ:

Псори	Къуажэхэм я инагъыр				
	зыри зыдэмыгъэсыжхэр	цIыхуэ 10-м нэс зыдэсхэр	цIыхуэ 11 - 50 зыдэсхэр	цIыхуэ 51-100 зыдэсхэр	цIыхуэ 101-м щIигъу зыдэсхэр
Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым	3322	172	81	210	169	2690
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм	169	1	2	3	8	155

Таблицэм кьызэригъэльагъэщи, КъБР-м ябгьнэжауэ 1 кьуажэ (Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щынэхъ мащIэ дыдэщ), цIыхуэ 100 нэхъ нэхъ мащIэ щыпсэу кьуажэу 13 щыIауэ аращ. 2002 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым ябгьнэжа е цIыхуэ 10 нэхъ нэхъ мащIэ щыпсэу кьуажэ щыIэхэкIым. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым ебгьапщэмэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагъуэхэр нэхъ инщ: кьуажэ псомя процент 92-м цIыхуэ 100-м щIигъу щопсэу.

ЦIыхуэхэр кьызэрыхатхыкIам кьызэригъэльэгъуамкIэ, зэрыщыту кьапщтэмэ, 2010 и жэпуэгъуэм ирихьэлIэу КъБР-м цIыху 859802-рэ исащ, абыхэм ящыщу:

Бахъсэн районым - цIыху 61003-рэ (2002 гъэм - 114888-рэ);
Дзэлыкъуэ районым - цIыху 48930-рэ (2002 гъэм - 50634-рэ);
Лэскэн районым - цIыху 27840-рэ;
Май районым - цIыху 38625-рэ (2002 гъэм - 40051-рэ);
Прохладнэ районым - цIыху 105134-рэ (2002 гъэм - 108197-рэ);
Тэрч районым - цIыху 51220-рэ (2002 гъэм - 52976-рэ);
Аруан районым - цIыху 71755-рэ (2002 гъэм - 104126-рэ);
Шэджэм районым - цIыху 69063-рэ (2002 гъэм - 68335-рэ);
Щэрэдж районым - цIыху 26956-рэ (2002 гъэм - 25927-рэ);
Республикэм и кьалэхэм дэсхэр мы къыкIэлъыкIуэхэм хуэдиз мэхъу:

Налшык кьалэм - цIыху 240095-рэ (2002 гъэм - 274974-рэ);
Прохладнэ кьалэм - цIыху 59595-рэ (2002 гъэм - 61772-рэ);
Бахъсэн кьалэм - цIыху 36857-рэ (2002 гъэм - 35805-рэ);
Майкэ кьалэм - цIыху 26755-рэ (2002 гъэм - 27037-рэ);
Тэрч кьалэм - цIыху 19170-рэ (2002 гъэм - 20255-рэ);
Нарткъалэ кьалэм - цIыху 31679-рэ (2002 гъэм - 33775-рэ);
Шэджэм кьалэм - цIыху 17898-рэ (2002 гъэм - 17893-рэ);
Тырныауз кьалэм - цIыху 21000-рэ (2002 гъэм - 21092-рэ).

А щыкIэм тету, Урысей Федерацэм и субъектэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хьыкъэхэм ящыщу цIыхуэхэр нэхъ мащIэ щыIэхэр Къэбэрдей-Балькъэрымрэ ИнгушымрэщI. Абы и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкIыну IэщlагъэлIэхэм кьапщэщту.

АтIэмэ, ди Гъунэгъу Дагъыстэным цIыхуэхэр кьыщыхатхыкIа цIыхъэнитIым я зэхуакум щыпсэухэм я бжыгъэм зэрыщыхэхъуамкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым, зэрыщыту кьэралми бжыгъэр щиубыдащ. Апхуэдэу псынщIэу кьихуащ, абы кьалащхьэм дэсхэм я бжыгъэми. Ильэси 8-м кьриубыдэу дагъыстэнхэм я бжыгъэр цIыху 400888-кIэ (процент 15,56-кIэ) нэхъыбэ хъащ. А республикэм и кьалащхьэм дэсхэми цIыху 115578-рэ (процент 25-рэ) кьахэхъащ. ЦIыпсэхэм я бжыгъэм тепсэлъыхьа Избербаш кьалэр процент 43-кIэ, Каспийск кьалэр процент 33,8-кIэ, Новолакскэ районыр процент 34,5-кIэ нэхъ ин хъуащ.

ЦОГОЕВ Виталий,*экономист.*

КъБР-м и Оперативнэ штабым кьет

**КъБР-м и Оперативнэ штабым и унафэщI генерал-майор Кменный С. Л. унафэ кьиштащ Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэм щыщ Iыхьэм 2011 гъэм фокIадэм и 8-м сыхьэтыр 7 льанлэрэ терроризмэ пэщIэтынымкIэ щагъэувэ хабзэ хэхар техьжьыным теухуауэ. «Терроризмым пэщIэтынымрэ и Iуэхукъ[1]» 2006 гъэм гъэтхэгъэм и 6-м кьащтащ Федеральнэ закон №35-ФЗ-м ишхъэ тIкIэ Бахъсэн, Бахьсенкэ, Дыгулыбгьуей жылагъуэхэм щагъэувауэ щыта хабзэ хэхамрэ пIалъэкIэ зекIуэ мардхэмрэ щхьэщыхьж.

КъБР-м и Оперативнэ штабым Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхухэм фIыщIэ абы- хуауэ мы къыкIэлъыкIуэ телефонхэмкIэ фыпсалъэ зэрыхьуну:

КъБР-м и Оперативнэ штабым: **48-15-10; 48-16-37; 48-15-48;**
УФ-м и ФСБ-м и Управленэ КъБР-м щыIэм: **48-16-02; 48-15-81;**
КъБР-м щыIэ МВД-м: **40-49-10, 49-50-62;**
УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и «Сэ» центрым - **42-70-52;**
УФ-м и Следственнэ комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм - **77-64-22;**
УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - **39-99-99.**

● ЗэIущIэхэр

Зэрызэдэлажьэм кьрикIуэр

Урысей МВД-м Тэрч, Май куейхэмкIэ и къудамэхэм я унафэщI, полицэм и подполковникэу Жыдау Хьэсэнбийрэ Кармалико Михаилрэ КъБР-м щыIэ МВД-м журналистхэм щыдрагъэкIуэжа зэIущIэр теухуауэ щытащ щызэрыт пльэхъэм щыщу блэкIа мазищ я лъэжьыгъэм кьрикIуахэм, зыгъэпIейтейхэм, япэ игъэщIыпхъэу кьапщыт кьагъэнэ.

ЗРИПЛЪЭЖ зэманым кьриубыдэу Тэрч куейм террор, экстремист нэщэнэхэр зиIэ, цIыху укIыным, автотранспорт ехужьынэм, Iэщэрэ абы и Iэмэпсымэхэмрэ дыгъунэм, ахэр кьагъэсэбэну хабзэр кьызэпаудыным екьэлIа щIэпхъаджагъэ ялэжьауэ щытхъакъым.

Апхуэдэу щытми, Жылау Хьэсэнбий кьызэрыхигъэщамкIэ, псори зэхэту щIэпхъаджагъэу ятхам и бжыгъэр процент 8,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Пэжщ, фэтэрхэм щыщыбгъуэхэр нэхъ мащIэ хъуащ. УэзыгъэпIейтейщ, гугъуехьэр нэхъ зыпыщIащ Iэщ дыгъуэным зэрыхэхъуэр. Нэгъабэ мазийм апхуэдэ щIэпхъаджагъэу 4 ялэжьауэ щытамэ, мы гъэм 9-м нэсащ.

ЩIэпхъаджагъэу сэтей кьащIыр процентыр 4,5-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. ЩIэпхъаджагъэ хьэлъэ, хьэлъэ дыдэ ялэжьауэ кьызэрыщIэлъыр хэхъуащ икIи нэгъабэ я мазийм елытагъуэ процентри 8,7-кIэ нэхъыбэщ. Экономикэ щIэпхъаджагъэу ялэжьыр процент 50-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ - 22 (45). Уэрамэмрэ цIыху гъэхъэзыпIэхэмрэ я ялэжьыкIэхэр щытыкIэр нэхъ зэтес щыхъуащ. Апхуэдэ щIыпIэхэм нэгъабэ щIэпхъаджагъэу 3 щалэжьамэ, мы гъэм зэрыхъур зэщ.

Кармалико Михаил зэрыжиIамкIэ, экономикэ щIэпхъаджагъэхэм ебэныным, льэпкъ проектэр пхыгъэкIыным хухэах бю-дкет мылькур бзаджащIэхэм ящыхьэумэным, зэщIэгъэIуэрэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм коррупцэмрэ япэщIэтыным, я лэжьакIуэхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ядгъэжькIуэным, гулъытэ щхьэхуэ хуащащ.

Полицэм и подполковникым кьызэрыхигъэщамкIэ, лэжьапIэншагъэм Iуэху мыщхьэпэхэр кьроклуэ. Псом хуэмыдэу щIалэгъуалэмрэ балигъ мыхъуахэмрэ криминальнэ хешэ, унагъуэм кьыщыхъу зэныкъэкъур щIэпхъаджагъэм щыхуэкIуэ кьохъу, щIыхь убхэмрэ хуэмыщIагъу псэухэмрэ хабзэр нэхъыбэрэ кьызэпаудэ.

Къудамэм и унафэщIым щIэпхъаджагъэ и льэныкъуэкIэ районым щыщIэ щытыкIэм и гугъу щищIым кьызэригъэльэгъамкIэ, ильэсыр кьызэрихьэрэ щIэпхъаджагъэ 298-рэ ялэжьащ. Абыхэм ящыщу 116-р хьэпхъэм ящыщ. Ар нэгъабэ ильэситу процент 24, 3-кIэ нэхъ мащIэщ. Сэтей кьащIащ кьэхъуэкIащIэхэм я процент 61,6-р.

Полицейхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ балигъ мыхъуахэм я ехужьынэмрэ ялэжьыгъэ щIыпIэхэм ящыщу 50, уэлэжьэ тезыр-хэр зытралъхьауэ 117-рэ, наркотикым, акъылыр зыгъэутхъуэ нэгъуэщI токсинхэм ихъэкъуахэу цIыху 69-рэ, фадафэу 420-рэ учетым щыIущ. Кармалико Михаил зэрыжиIамкIэ, хабзэхъумэхэмрэ щIыпIэ administрацэмрэ, кьыхэбгъэщмэ, балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхэм кьызэрагъэльэгъуамкIэ, ильэсыр кьызэрихьэрэ щIэпхъаджагъэ 298-рэ ялэжьащ. Абыхэм ящыщу 116-р хьэпхъэм ящыщ. Ар нэгъабэ ильэситу процент 24, 3-кIэ нэхъ мащIэщ. Сэтей кьащIащ кьэхъуэкIащIэхэм я процент 61,6-р.

Урысей МВД-м Прохладнэ щ уеймкIэ и къудамэм и унафэщIым адэжь кьызэрыхигъэщамкIэ, кьэралыр кIуэщI IуэхуэхэмкIэ Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыщекIуэжьым, нэгъуэщI гугъуехьэхэр зэрыщIым емыльытагъэ, криминоген щытыкIэр сэтей щыгъуэ я ильэм щIэтщ, дин зэхъэкIам игъэщхьэрыуахэр, бзаджащIэ гупым ящыщхэр кьэхутэным теухуа Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэжьмэ, щIыхуэхэр кьеъэшIжьмэ транспортыр зезыгъакIуэхэм, автостанцыем и лэжьакIуэхэм савкьыныгъэр зыщагъасIэгъупщэн папщIэ псалъэмакъэхэр рагъэжьэжьмэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Мэкъумэш щIапIэхэм хиубыдэ щIыхэм кьыхэзгъэкIауэ промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм папщIэ кьагъэсэбэн щIыхэм, хьэршым ехьэлIа лэжьыгъэр кьызэрагъэпэщын папщIэ кьагъэсэбэн щIыхэм, зыхъумэжыныгъэм, шынагъэншагъэм пыщIауэ кьагъэсэбэн щIыхэм, нэгъуэщI мурад хэхахэм папщIэ кьагъэсэбэн щIыхэм зэхъэхьэным и Iуэхукъ[1]

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм щыщхьэIум и 19-м №254-ПП

Прохладнэ, Аруан, Тэрч муниципальнэ районэхэм я щIыпIэ администрацэхэм я лъэIуэхэм хэпльащэ, Урысей Федерацэм и ЩIы кодексым и 8, 79 статьяхэм, «ЩIыхэр е щIы Iыхьэхэр зы гупым кьыхагъэкIыжу, нэгъуэщI гупым зэрыхагъэхьэм и Iуэхукъ[1]» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м кьащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7, 13 статьяхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩIы кодексым и 6 статьям, «ЩIыр къэгъэсэбэныным пыщIа IуэхухэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и комиссэм теухуауэ» 2006 гъэм щэкIэгъэуэм и 2-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм кьищта Унафэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Мэкъумэш щIапIэхэм хиубыдэ щIыхэм кьыхэгъэкIауэ промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм папщIэ кьагъэсэбэн щIыхэм, хьэршым ехьэлIа лэжьыгъэр кьызэрагъэпэщынымкIэ кьагъэсэбэн щIыхэм, зыхъумэжыныгъэм, шынагъэншагъэм пыщIауэ кьагъэсэбэн щIыхэм, нэгъуэщI мурад хэхахэм папщIэ кьагъэсэбэн щIыхэм хэгъэхьэн:

а) псори зэхэту гектар 0,75-рэ хъу, абы щыщу вапIэу гектар 0,75-рэ хъу щы Iыхьэу Алтуд кьуажэ жылагъуэм и щыкIэ щыIэр, кадастр номер 07:04:4900000:283 зиIэр, автомобилхэм гъэсныпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъахъуэ станц щыIэн папщIэ;

б) псори зэхэту гектар 0,75-рэ хъу, абы щыщу хъупIэу гектар 0,75-рэ хъу щы Iыхьэу Аруан кьуажэ жылагъуэм и щыкIэ щыIэр, кадастр номер 07:07:3200000:58 зиIэр, автомобилхэм гъэсныпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъахъуэ станц щыIэн папщIэ;

в) псори зэхэту 1 гектар хъу, абы щыщу хъупIэу 1 гектар хъу щы Iыхьэу Дей кьуажэ жылагъуэм и щыкIэ щыIэр, кадастр номер 07:06:3100000 зиIэр, автомобилхэм гъэсныпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъахъуэ станц щыIэн папщIэ.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ «ЩIыкIэ кадастр палатэ» федеральнэ къэрал Iуэхущапхэм (Недугов А. Н.) чэнджащ етын зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр щы-кадастр документацэм хилъхьэну.

Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал мылькур зехьэнымрэ щы IуэхухэмкIэ и министр Лыджыдз Хь. ПI.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
ГЕРТЕР Иван

2011 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа «Псэупlэ» федеральнэ программэ хэхам и «Федеральнэ законодательствэм кьыщыгъэльэгъуа цIыху гупхэр псэупlэкIэ кьызэрэгъэпэщынымкIэ кьэралым зыхуигъэувыжа кьалэнхэр гъэзэщIэныр» программэ кьуэдзэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыгъэзэщIэнымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я Iуэхукъ[1]

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм щыщхьэIум и 29-м №264-ПП

2011 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа «Псэупlэ» федеральнэ программэ хэхам и «Федеральнэ законодательствэм кьыщыгъэльэгъуа цIыху гупхэр псэупlэкIэ кьызэрэгъэпэщынымкIэ кьэралым зыхуигъэувыжа кьалэнхэр гъэзэщIэныр» программэ кьуэдзэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыгъэзэщIэнымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я Iуэхукъ[1]» 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м №258-ПП-м щIэту къащтам;

«2002 - 2010 гъэхэм ятещIыхьа «Псэупlэ» федеральнэ программэ хэхам и «Федеральнэ законодательствэм щыубзыхуа цIыху гупхэр псэупlэкIэ кьызэрэгъэпэщынымкIэ кьэралым и пщэ дилъхьэжа кьалэнхэр гъэзэщIэныр» программэ кьуэдзэм ипкъ иткIэ 2008 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщу абы хэт цIыхухэм я спискэ зэгуэтым и Iуэхукъ[1]» 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м №232-ПП-м щIэту къащтам;

«2002 - 2010 гъэхэм ятещIыхьа «Псэупlэ» федеральнэ программэ хэхам и «Федеральнэ законодательствэм щыубзыхуа цIыху гупхэр псэупlэкIэ кьызэрэгъэпэщынымкIэ кьэралым и пщэ дилъхьэжа кьалэнхэр гъэзэщIэныр» программэ кьуэдзэм ипкъ иткIэ 2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщу абы хэт цIыхухэм я спискэ зэгуэтым и Iуэхукъ[1]» 2009 гъэм фокIадэм и 10-м №240-ПП-м щIэту къащтам.

Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Уянаев К.Хь-М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
ГЕРТЕРИван

Iуэхумрэ псальэмрэ

КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и къежьапIэр, зэфIигъэкIар, и нобэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм профессиональнэ макъамэ зIэ зэрызухъумкIэ, абы зэрызыужьамкIэ фIыщIэшхуэ яб-гъэдэлъыр урыс композиторхэм, XIX лIэщIыгъуэм и пэхэм щыщIэдзауэ зи Iэдакъэщэкlэхэм адыгэ, балькъэр лъэпкъ макъамэ гъэщIэгъуэхэм кьыщызыгъэсэбэпаxэм.

ЛЪЭПКЪ макъамэ Iэмэп Асымэхэм я зэщIэжьыуэр кьулейщ, кьафэхэр уxэзыIэтыкIыу дахащэщ, нарт эпосым кьыхэтэджыкI уэрэдхэм деж кьыщыщIэдзауэ цIыхубэ уэрэдхэр зэмыщхь зэщIэжу гъэщIэгъуэныщэщ. Ахэр псори щызэщIэзыуэ, макъамэ дуней псо мэхъ у.

Ятэ дыдэу адыгэхэм я макъамэм и кьулеягъэм гу льызытар урыс композитор Алябьев Александрщ. Ар XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэкэм, Урыс-Кавказ зауэр щекIуэкI лъэхъэнэм, Кавказ Iащхьэрэм кьагъэкIуат. Адыгэ уэрэдхэм ятэу нотэ хуэзытхар аращ, иужькIэ адыгэ темэхэмкIэ езым и уэрэдхэри иусауэ щытащ.

Кавказым зыбжанэрэ щыIащ, Псыхуабэ кьалэм кьыщыувыIащ, адыгэ кьуажэхэр кьызэхакIухьурэ я псэукIэм, щэнхабзэм зыщагъэгъуэзащ, уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ едэIуащ композитор цIэрыIуэхэу Глинкэ Михаил, Балакирев Милий, Танеев Сергей сымэ. Урыс щэнхабзэм и лэжьакIуэ зи цIэ кьитIуа композиторхэрщ адыгэхэмрэ балькъэрхэмрэ я лъэпкъ макъамэхэр зи Iэдакъэщэкlэхэу ди лъэпкъ темэр зи лъабжьэхэр Балэ Мухьадин, Кьардэн Хьэсэн, Шахгалдэн Артемий сымэ я лэжьыгъэхэм щыгъуу концертхэм утыку кьыщрахьат.

60-70 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу Балькъэрымрэ профессиональнэ музыкантхэр - композиторхэр, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэхэр, макъамэджхэр яIэтэкIым. Абы и лъэныкъуэкIэ зы закъуэм и щIэ кьитIуэ хьунущ - балькъэр лъэпкъым кьыхэкIа, скрипкэм Iэзэу еуэу щыта Абаев СультIан-Бэч. Урысейм и пащтыхым и кавказ-бгырыс щхьэхуэмэ гупым хэту Петербург кьулыкъу щищIэу, абы урыс макъамэм нэIуасэ зэрыкIуэ щIащ икIи и кьалэщхуэм и консерваторэмри тIэкIыгъэ щеджащ. Абаев СультIан-Бэч бгырыс лъэпкъхэм я макъамэхэр итхащ, зыгуэрхэри зэригъэзэхуэжащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, и Iэдакъэщэкlэм щыщ ди дежь кьэсакьым.

1917 гъэм Налшык щыIауэ щытащ урыс уэрэджьыакIуэ Iуэзэджэ Шаляпин Федор. 20 гъэхэм КъБАО-м и кьалащхьэм макъамэм гулъытэ хэха щыхуащIу щIидзащ, А эманым Налшык щыпсэурт музыкант цIэрыIуэ куэд. Абыхэм кьалэ театрым кьыщызэрагъэпэщырт камернэ концертхэр.

1930 гъэхэм Налшык къэкIуащ икIи щыпсэжащ Лобачев Григорий, Шестер Борис, Давиденкэ Александр, апхуэдэуи Кабалевский Дмитрий, Авраамов Арсений. 1939 гъэм щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуа икIи щыIэжьа композитор Шейблер Трувор и творческэ лэжьыгъэр хуабжьу купщIафIэу щытащ.

Республикэм и макъамэ гъащIэм нэхъ зыщиужьар Хэку зауэшхуэм и ужькIэщ. 1946 -1951 гъэхэм Налшык къэкIуащ Москва щыщ композиторхэу Рязов Сергей, Пейкэ Николай, Титов Николай, Мурадели Вано. 50-60 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэжащ Фельдман Григорий, Мосолов Александр, Диментман Эсфирь, Вишкарев Леонид, Прицкер Давид сымэ, нэгъэущIхэри.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгуэхьэрэ илъэс 400 щрикъум (1957 гъэм), ди республикэм и литературэмрэ гъуэзджэмрэ я декадэ Москва щыщкIуэ-кIам, нэрылъагъу хъуат урыс композиторхэр адыгэ, балькъэр лъэпкъхэм я музыкэм дихьэхыу зэрыщытар. Балакиревым, Мясковскэм, Пейкэ, Шейблер, Мосолов сымэ я IэдакъэщIэкIхэу ди лъэпкъ темэр зи лъабжьэхэр Балэ Мухьадин, Кьардэн Хьэсэн, Шахгалдэн Артемий сымэ я лэжьыгъэхэм щыгъуу концертхэм утыку кьыщрахьат.

60-70 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щылэжьащ Коган Леврэ Чичков Юрийрэ.

50-60 гъэхэм адыгэ композиторхэу Балэ Мухьадин, Кьардэн Хьэсэн, иужьыIуэкIэ Молэ Владимир, ХьэIупэ Джэбрэ Iил, Темыркъан Борис сымэ макъамэ гъуэзджэм и жанр псоми жыджэру щылажьэу щIадзащ. Балькъэр композитор щIалэхэу Жеттеев Мустэфиррэ Байчекуев Iэбдинрэ я IэдакъэщIэкIхэр утыку кьрахьащ. 70 гъэхэм я пэщIэдзэм утыку ихьащ композиторхэу Жырыкъ Заурбэч, Къэзан Асльэнджерий, Блай Тамарэ, Бэрэгъун Владимир, Нгуен Ван Нам сымэ.

Лъэпкъ профессиональнэ макъамэр 60 гъэм икуэхэм, 70 гъэхэм я пэщIэдзэхэм балигъыпIэ иувэу хуежьауэ къэплъытэ хъунущ.

Композитор псоми я гуащIэр мы тхыгъэм щызэпкърытхыну Iэмал димыIэми, кьыхэгъэщIыпкъэщ абыхэм я IэдакъэщIэкI купщафIэхэм ящыщхэр. Ленинград консерваторэр къэзыуха композиторхэу Кьардэн Хьэсэнрэ (1923) Балэ Мухьадинрэ (1923 - 1984) зэдэтахащ «Мадинэ» ятэ лъэпкъ операр, Либреттэр Хьэхьуащ Iэ Хьэжбэчыр ейт. Щоджэнцыкlу Алий и поэмэр и къыгъэщIыкlу Алий и поэмэм къытращыкIа операр 1970 гъэм мэлыхьыхь мазэм Музыкэ театрым щагъэувауэ щытащ. Апхуэдэу Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ди республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат Кьардэн Хьэсэн и кьалэмыпэм кьыщIэкIащ цIэрыIуэ хьуа макъамэ куэд. Псалъэм папщIэ, «Си Шэрджэс» (1957 гъэ), «Си республикэ» (1962) кантатэхэр, Хьэхьупащ Iэ Хьэжбэчыр и либреттэмкIэ итха «Льагъуныгъэм щIата пщIэр» балетыр (1980), «Гупсысэхэр», «Скерцо», «Новеллетта» фортепианэ пьесэхэр (1963 - 1983), «Мышэ и кьуэ Батыр» сабий макъамэ спектаклыр (1974), нэгъуэщI куэдри.

КъБАССР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор цIэрыIуэ Балэ Мухьадин и макъамэ тхыгъэ купщIафIэхэр ящыщщ ди гъуэзджэ хьугъуэфIыгъуэхэм. Сыт и уасэ ищхьэкIэ зи цIэ кьитIуа «Мадинэ» операр, Iутlыж Борис и либреттэр и лъабжьэу итха «Шамхьун и фызышэ» музыкэ комедиер?! Апхуэдэщ «Си Къэбэрдей-Балъкъэр», «Назир», «Шууей Плъыжьхэр» симфоние поэмэхэр, «Уахътынщэхэр» реквиемыр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм нобэ и тхьамадэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Темыркъан Борис итхащ виолончелымрэ оркестрымрэ ягъэзащIэ, Iыхьищу зэхэт сюитэ (1967), симфоние оркестрым папщIэ сюитэ (1983), «Лъэхъэнэм и триптих» кантатэр (1982) (псалъэхэр Къэшэж Иннэ ейщ), нэгъуэщIхэри.

УФ-м, Абхъаз Республикэм гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъШР-м и цIыхубэ артист, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат Даур Аслъэн (1940 - 1999) и гуащIэр кьулейщ макъамэ лэжьыгъэ инхэмкIэ. Абыхэм ящыщщ «Бгыхэ эмрэ цIыхуэхэмрэ» симфоние сурэтыр (1996), фортепианэмрэ оркестрымрэ папщIэ итха «Бгыырыс рапсодиехэр» (1979, 1980), «Iсльэмей» концерт лезгинкэр (1976), нэгъуэщIхэри.

УФ-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Молэ Владимир (1940) иджыри Саратов консерваторэм щеджэу итхауэ щытащ Акъсырэ Залымхьан и пьесэр зи лъабжьэ «Дахэнагъуэ» оперэр. Абы и ятэ актыр еджапIэр кьыщиух ильэсым (1965) ягъэльэгъуат. Щоджэнцыкlу Алий и поэмэр и лъабжьэу Шортэн Аскэрбий итха «Кьамботрэ Iацэрэ» пьесэм кьытращыкIа оперэр зейр Молэращ. Ар Музыкэ театрым щагъэуващ. Абы кьыкIэлыкIуащ «Бгыхэм я хъыбар» балетыр (либреттэр Шортэн Аскэрбий ейщ), Антокольский Павел и пьесэкIэ итха «Люся цыкlу - асльэным ипхъу» сабий оперэр, Шортэн Аскэрбий и пьесэр зи лъабжьэ «Лъыхъу кьагъэцIахэр» опереттэр, симфоние произведенэ инхэр, зэрэ куэд.

«Псыхэгъэ» 3-нэ симфоние папщIэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Къэрал саугъэтыр, зыхуагъэфэща Хьэ IупэДжэбрэIил (1942) тхыгъэ гъэщIэгъуэн, купщIафIэ куэд и кьалэмыпэм кьыщIэкIащ. Абыхэм щыщщ Iыхьиплlу зэхэт «Къурш щхьэ тхъуахэм я таурыхъхэр» симфоние теплъэгъуэр (1970), симфоние оркестрым папщIэ итха «Адыгэ увертюрэ» (1981), «Наигрыши» (1980), «Нартхэр» (1983) увертюрэхэр, пшынэм щхьэкIэ Iыхьищ хъууэ итха сонатэр (1989), Кьыщокъуэ Алим, Тхьэгъэзэт Зубер, Бештокъуэ Хьэбас сымэ я псальэхэр щIэлъу итха уэрэд пщIы бжыгъэхэр, нэгъуэщI куэдри.

Блай Тамарэ (1950 - 1990) кьыщIэнащ фортепианэм, виолончелым папщIэ итха концертхэр, «Симфоние №1» макъамэ тхыгъэщхуэр, сабий уэрэд куэд.

Сабийхэм папщIэ «Кхъужь тельыджэ» оперэр (либреттэр Къэжэр Петр ейщ), Iутlыж Борис и «Эдип» трагедием щхьэкIэ макъамэхэр, «Уэрэд ядыгъуа» сабий макъамэ тыкIыхьыр зытхар КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къэзан Асльэнджерийщ (1951).

Композитор, КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Жырыкъ Заурбэч иIэщ хор пьесэхэр, спектаклым щхьэкIэ итха макъамэхэр, уэрэдхэр, романсхэр. Iутlыж Борис и пьесэм кьытрищIыкIауэ щытащ «Нанэ къэвгъэкIуэж» мюзиклыр.

Балькъэр композитор Жеттеев Мустафиррэ Москва щыщ Дружинин Владимиррэ зэдэтахауэ щытащ «Щэджэм псыкьэ-лъхэм я хъыбар» ятэ балькъэр балетыр (1979). Байчекуев Iэбдинрэ Двоскин Алек сандррэ зэдэтахащ «Бахъсэн баллад»э балетыр (либреттэр зейр Зумакуловэ Танзилящ).

И цIэ кьиIуапхъэщ Коган Лев и «Лалуцэ» балетми. Ар Процепенкэ Александр игъэуват.

Шахгалдэн Артемийрэ (1910 - 1985) Шейблер Труворрэ (1900 - 1960) хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ ди лъэпкъ гъуэзджэм, республикэм и макъамэ гъащIэм. Шахгалдэн итхащ «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» маршыр (1967), ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Кьайсин, Балькъэр Фоусэт, нэгъуэщIх эми я пьесэхэр зыщIэлъ макъамэ произведенэхэр, уэрэдхэр. Шейблер Трувор и IэдакъэщIэкIщ «Нартхэр» оперэ-балетыр (либреттэр КIуащ БетIал ейщ), Кьардэнгъуащ Шарымыку и «Кьанщобийрэ ГъащIэгъагъэ» пьесэм папщIэ макъамэхэр (1940), уэрэджьакIуэмрэ симфоние оркестрымрэ папщIэ «Андемыркъан» поэмэр (1941), «Iэдиихуу» симфоние картинэр (1948) нэгъуэщIхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр кьызэгъэпэщыным ехьэлIа гупсысэр кьыщежьар 1959 гъэрщ, РСФСР-м и Композиторхэм я союзым и оргбюром Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм щригъэкIуэкIа зэIуиIэхэрщ.

Абы щыгъуэ Налшык кьэкIуат оргбюром (1959 гъэм РСФСР-м и Композиторхэм я союзыр иджыри кьыззэрагъэпэщатэкъым) и унафэщI Новиков Анатолий зи пашэ композитор, музыковед цIэрыIуэ гуп. Абы яхэтт композитор гъуэзджэхэзу Мурадели Вано, Чулаки Михаил, Масалитинов Константин, Сорокин Владимир, Фере Владимир, музыковедхэу Поляновский Георгий, Апостолов Павел, Кремлев Юлий, Шепалин Глеб, Урысейм и автономнэ республикэхэмрэ крайхэмрэ я композиторхэр: Дагъыстэным щыщ Агабабов Сергейрэ Дагиров Нэбирэ, Осетие Ищхьэрэм кьыкIат Плиев Кристофоррэ Хаханов Дударэ, Бурятием - Ямпилов Баудораж, Башкирием - Исмагилов Загир, Дон Iус Ростов - Израилевич Леонид.

РСФСР-м и Композиторхэм я союзым и оргбюром кьыщыхьалъхьат зэман гъунэгъум а Iэхэущ Iапlэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и щыналъэ кьудамэ кьыщызэрагъэпэщыну, Балэ Мухьадин, Кьардэн Хьэсэн, Шахгалдэн Артемий сымэ зэгухьэныгъэм хагъэхьэну къагъэлъегуат. СССР-м и Композиторхэм я союзым и секретариатым и зэIуIэм, 1960 гъэм мазаем и 15-м екIуэкIам, КъБАССР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэ кьызэрызэрагъэпэщым, ищхьэкIэ зи цIэ кьитIуа композиторхэр абы зэрыхагъэхьэм теухуа унафэр кьыщащтащ. А зэхэхьэм и лэжьыгъэм хэтат Кабалевский Д., Шапорин Ю., Фере В., Чулаки М., Коваль М., Хачатурян К., Чайковский Б., Белый А. сымэ, композитор, музыковед цIэрыIуэ куэдри.

1960 ГЪЭМ мазаем и 15-м «кьалъхуауэ» кьэпльэтэ хьуну Iуэхущапlэм и ятэ унафэщIу ягъэувар СССР-м и Композиторхэм я союзым хэт Шейблер Труворщ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, а гъэ дыдэм и гъатх эпэ мазэм ар дунейм екIыжащ.

Ильэсийкlэ, 1960 гъэм щыщIэдзауэ 1968 гъэ хьух у, зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щытащ композитор Кьардэн Хьэсэн. 1968 гъэм унафэщI кьулыкъум пэрыуващ ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр. Зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм и зэхэублакIуэу щытахэр зыпэрыта IуэхурегъэкIуэу иужьрей ильэсипщым союзым и нэхъыжьщ Темыркъан Борис.

КъБР-м и Композиторхэм я союзым кьикIуа ильэс 50-м щIигъу гъуэгуанэм кьриубыдэу а IуэхущапIэм жыларгъуэ, макъамэ пшыхь зэхуэмыдэхэм щригъэкIуэкIащ. Апхуэдэу абы кьызэригъэпэщащ пленумэхэр, композиторхэм я музыкальнэ лэжьыгъэшхуэхэр утыку кьыщрахьэ концертхэр. Композиторхэм я ятэ съездыр 1995 гъэм гъатхэпэм и 22-м щыщащ.

СССР-м и Композиторхэм я союзым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм щыIуу хэтым я бжьыгъэм ильэс зэхуэмыдэхэм зихуэхащ. 1970 - 1986 гъэхэм Ставрополь краймрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэмрэ щыпсэу композиторхэр, а щыналъэхэм Композиторхэм я зэгухьэныгъэ зэрамыIэм кьыхэкIыу, КъБР-м и кIуамэм хэту зэрыщытар зи фIыщIэр зигури зи псэри макъамэм етауэ псэуа музыковед Хьэхъупащ Iэ Хьэжбэчыр. Абы щыгъуэ союзым хэтт щыIуу 19.

КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр зэрыщыIэрэ абы хагъэхьащ ди республикэм щыщу щыIуу 20-м нэблагъэ. Апхуэдэхэщ композитор цIэрыIуэ хьуахэу Даур Аслъэн, Молэ Владимир, ХьэIупэ Джэбрэ Iил, Жеттеев Мустафир, Блай Тамарэ, Османов Нихьэт, Тхьэбысым Умар, Темыркъан Борис, Уманцев Анатолэ, Къэзан Асльэнджерий, Байчекуев Iэбдинрэ, музыковед-IуэрыIуатэдж Бэрэгъун Владимир, музыковедхэу Рахаев Анатолэ, Ащхьуэт Беслъэн, Кьардэн Юлие, Ренарт Владимир сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ гъуэзджэмрэ я махуэхэр 1971, 1981, 1995 гъэхэм Москва щыщагъэльапIэм, Винницэ, Дон Iус Ростов, Мейкьуапэ, Мэхьэчкьалэ, Владикавказ, Грозный, Черкесск, Ярославль, нэгуэщI кьалэхэми щекIуэкIа зэIуIэхэм композиторхэм я зэгухьэныгъэр жыджэру хэтащ.

Иджыпсту КъБР-м и Композиторхэм я союзым хэтщ цIыху 12: композитору 9-рэ (Кьардэн Хьэсэн, Темыркъан Борис, Молэ Владимир, ХьэIупэ Джэбрэ Iил, Жырыкъ Заур, Къэзан Асльэнджерий, Растеряев Игорь, Темыркъан Лилэ, Къэбэрдокъуэ Мурат) музыковедщ 3-рэ (Рахаев Анатолэ, Ащхьуэт Беслъэн, Кьардэн Юлие).

КъБР-м и Композиторхэм я союзым и нобэрей лэжьыгъэм а Iэхэущапlэм и унафэщIым и кьуэдэз ХьэIупэ Джэбрэ Iил и гугъу щищIкIэ кьыхэгъэщI Хьэхъупащ Iэ Хьэжбэчыр щитхьэмадами, Кьардэн Хьэсэн пашэу щыщыта зэманми щIэлэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, гъэсэным теухуауэмыбы куэдзэрыщIэзэфIагъэкIар. Абыхэм я Iуэхур пщIэ пыпсу нобэ егъэкIуатэ Темыркъан Борис.

- АбыкIэ дэIэпыкъуэгъуэщхуэу диIэщ Къэрал филармониер, Темыркъан Борис зи пашэ оркестрыр. Филармонием и унафэщI Зэшэкlуу Тlэхьиррэ Темыркъанымрэ я нэIэм щIэт Iуэхущапlитlыр дыззэрыIыгъщ, дыззэщIгъуу, лэжьыгъэшхуэ дощIэ, - пещэ Джэбрэ Iил. - КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен и унафэкIэ филармоним нэгьабэ зы автобус кьратауэ дролажьэ, еджапIэхэр, Iуэхущапlэхэр кьызэхьдокIухь, абыхэм концертхэр щыдот. КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм ди Iуэху зытет ищIэу, кьызэрыддэIэпыкъуным и ужь иту кьызэрытхъуэтыр ди гуапэщ. Кьыхэгъэщыпхъэщ абы композиторхэм я мызакъуэу, уэрэду схэм, макъамэрылажьэхэм кьыдагъэкI тхьилъхэр псори ди союзым зэрыпхыкIыр.

Сэ си насып кьрихьэкIри Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институтым щезгъэджащ гуфIэгъуэшхуэу сIэ, куэдкIэ сызыщыгугъ. Къэбэрдокъуэ Мурат. Ар иджыпсту Санкт-Петербург и консерваторэм и аспирантурэм и 3-нэ курсым щIэсщ, КъБР-м и Композиторхэм я союзым хэтщ. Апхуэдэ композитор ильэсипщым зэ кьалъхуэм Iэджэ и уасэщ. Абы сэ сыщогугъ ди композитор гъуэзджэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэхилъхьэжьлъагэу иIэтыну.

Апхуэдэуи Iуэрыlуатэщ, пшынауэ Iэзэ Гъукlэ Анжелэ ди союзым хедгъэгъэхьэну дыхуейуэ Москва дыпсэльащ, жэуапым дожьэ.

«Щхьэ зыгуэр умыгъасэрэ?» - жызыIэу къызэупщIхэр щыIэщ. Сэ сызэрыпсэур зыльагъум зыгуэр ищIэну хуейт? Ильэс 20-м хэриубыдэу сэ стхахэр Iэтэу зэтельщ, зы нотэ ямыщэхуауэ. Уэрэд хэт зыхуэстхынур? Иджыпсту уэрэд, усэ зымыгъ щыIэжкым. Худсоветхэр зэрымыIэжьжэр Iэджэ щIащ, утыку ихьэну яп кьэсыр хуитщ, диск мышыухэр кьыдагъэкI, телевиденэм кьит уэрэдхэм уедаIуэ хъуркым.

Мыдэ кьиуауэ кьех псы фIейм псыхьэльахуэхэр кьызэрырихьэхым хуэдэу Iуэхур щIэзэващ, кьыт - хуэнэр ар щыжбэзэжьным дежьэнырщ.

Си жагъуэ хъухэм ящыщщ Кавказ Ищхьэрэм щыIэ союзхэр зэрызэхIэлъымыкIуэр. Концерт щедгъэкIуэжьм деж кьакIуэр машIэщ. ДызэгъэгурыIуэу щIэблэр гъэсэным теухуа зы программэ гуэр зэдгъэпэщу дылэжьэну Темыркъан Борис кьыхилъхьам дытепсэльыхь щхьэкIэ, Iуэхур тхуэгъэкIуатэркъым, зэгъусэу абы дызэрыпэрымыкъым кьыхэкIыну.

КОМПОЗИТОРХЭМ я зэгухьэныгъэм и IуэхущIафэхэри лъэпкъыр хуабжьу зыхуэныкъуэщ. Ар абы щыIалажьэхэм кьаазэрыгурыIуэм хуэдэу, я Iэдакъэщэкlэхэм щыIухукъэм щIэ хуящIу, яльытэу, кьэралми жыларгъуэми я гульытэм хуэмыныкъуэу дяпэкlи кьэгъэуэгурыкIуэну ди гуапэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Кьардэн Хьэсэн

Балэ Мухьэдин

Молэ Владимир

ХьэIупэ Джэбрэ Iил

Даур Аслъэн

Къэзан Асльэнджерий

Блай Тамарэ

Жырыкъ Заурбэч

Бэрэгъун Владимир

Темыркъан Борис


Байчекуев Iэбидин


Къэбэрдокъуэ Мурат

Жеттеев Мустэфир

Темыркъан Лилэ


Шейблер Трувор

Авраамов Арсений

Хьэхъупащ Iэ Хьэжбэчыр


Ащхьуэт Беслъэн


Рахаев Анатолэ

Кьардэн Юлие

«Нэху» къэфакІуэ гупым дэрэжэгъуэ къарет

● Щэнхабзэ

Энем жылагъуэм и «Нэху» сабий щыхуэз ансамблым дуней псом щиІыхьхьа адыгэхэмрэ хэкурыгсхэмрэ я зэпыщІэныгъэр гъэбыдэныкІ хуэунэтІауэ зыхуигъэувыжкъалэнхэр кІуэ пэтми нэхьыбэ мэ хьу. Абы и зы щапхьэфІщ Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым - Хасэм и депутат хьэрычэ тышІэ КІэрмыт Мухьдин зэхуищэса гупыр тхьэмахутІкІэ Тырким зэрыщыІар.

САБИЙ ешэхэм, ауэ гуфІэгъуэр зи нэгум кьрихьэм щІэх-щІэхыуэрэ ятюжьэ я адэ-анэхэр, я ныбжьыгъуэр, кьуажэгъуэр. Апхуэдэу хамэ кьэрал куэдым щыІащ ахэр - Сирием, Тырким, Германием, Израилым, Иорданием, нэгъуэщІхэми. Республикэм и зы кьуажи жьили кьэнакьым абыхэм зыкъыщамигъэлъэгъуауэ. Ауэ абдежми кьыщыуВэну зигъэхьэзырыр-кьым гупым.

КІэрмыт Мухьдин илъэсибл и пэкІэ кьрихьэжьа Іуэхур жьыжьэ пхунэмыгъэсыну кьалтыетэрт куэдым. «Дауэ ар, кьэралым зыкъыпщімыгъаІкьуэу апхуэдэ Іуэху зэрыбгъэкІуэтэнур?» - я щхьэм кьахуиІгъэтІасэртэкьым, илъэс зытІущКІэ псори щэщэжу, уеблэмэ ягу кьагъэкІыжьын ямыгъуэтыжкІну шэч кьытезыхьэхэм. Ахэр псори лъэныкъуэгъэзэ хьури, и щыІэныгъэм фІы куэд кьыззэрищэ наІуэ кьэзыщІа жьылагъуэ - щэнхабзэ проект ни хьущ гупыр. Иджы ахэр я плъапІащ хамэ щІыпІэм кьыщалъхуа, дуней кьэукъубеям хэушІсыхьыкьыпэнкІэ зыхуэІуа щымыІэ адыгэ щІэблэм. Абыхэм адыгэхэм ящыщу закъригъэлъытэжащ, зыдэпльеин хуэ жкурысхэм эрахэтяр ягуригъэІуащ, лъэпкъым гукІи псэкІи хуэпэжьын эрэрыхуейр хьэкъ ящыщащ.

Адыгэ хэхэсхэр хэкумкІэ къоплъэ

- АНСАМБЛЫР кьызэрекІуэлІэжу етІуанэ екьэгъуэм зыхуэдгъэхьэзыру щыдодзэ, - жеІэ Мухьдин. - Зы къэралкІуэ гуэугум утеувэнар кьыззбгъэпэщыным илъэсым зэрыщыпсэуми «Нэху» гупыр абы кьыззрыщацІыхуми. Кьых згъэщыпхъэщ «Нарттур» турист Іуэхущапэм и унафэщІ Нэгъуей Ящар, уэчыл Натхъуэ Джэфар сымэ гупым и иужьрей екьэгъуэм сэбэпышхуэ кьаззэрыщыхуэхьар.

- Дэ иджы нэхъ хуит дыхьащ ди лъэпкъэгъуэхэр хэкум кьедгъэблэгъэну. Іуапэщ виз Іуэхур Тырким Израилми тыныш зэрыщыхьар, абы-хэм укъикІыу, псалъэм папщІэ, Адыгейм укъэкІуэным бэлыхьышхуи пыщІакьым, текІуэдэну мылькыр кьагъуэтыфынущ. Нэхьыщхьэр - уи гур хэкужьмкІэ «кьэплъэныРцІ», псом хуэмыдэу апхуэдэ хьуэпсапІэ щаІтІыгъуэн» хуей мэхъу ансамблым и лэжьакІуэхэм. Франджым, Австралием, Хьэрыпэмират Зэгуэтхэм, нэгъуэщІ щыпІэхэми щахэплъэм, КІэрмытыр арпуэру Тырким кьытеувыІащ. А кьэралыгъуэм и кьалэ, кьуажэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыщыІэхикІухьым абы аргуэру зэ наІуэ щыхьащ ансамблым мыбы щигъэлъэгъуэнрэ ди лъэпкъым кьыхэкІа цІыхухэм я пащхьэ ирихьэфынрэ куэду зэрыщыІэр. Мыхьэнэшхуэ иІэщ диаспорэ нэхъ ин дыдэр Тырким щыщ пшынауэ Іэзэ, урысейпсо зэхьэзэхуэ, макъамэ фестиваль зыбжанэм я лауреат хъуэ Гъашэ Хъалид.

Бысымхэм я щІалэгъуалэмрэ нэхъыжьыІуэхэмрэ кьыдахьэхьн папщІэ Мухьдинрэ абы и лэжьэгъуэмрэ Іуэху гъэщІэгъуэн кьагупсысат: «Нэху» ансамблым и концертхэм нэмыщІ Энем жылэм и «Шэрджэс» тхьэщэгу гупри здашэри, футбол зэхьэзэхуэкІри Тыркум щрагъэжІуэкІащ.

ГъуэгущІэхэмрэ лъагъу эжьхэмкІэ

ИЛЪЭСИТІ и пэкІэ Тыркум щыкІуам «Нэху» ансамблым километр мини 5 хьу гъуэгуанэр автобускІэ зэрыщэпичамрэ кьэралыр, зэрыжьаІэу, и кьыхьагъкІи и бгъуагъкІи кьызэрызэхижьхьамрэ ешІэнтмэ, иджырей екьэр «гущІэгъулыт». ИпэІту ансамблым и унафэщІхэм кьыхахащ кьалитІ - Бурсэрэ Измирэ. Абы и Іэшэлъашэм щыІэ адыгэ кьуажэхэр махуэ кьэс гупым кьызэхипЛыхьырт, абы щыпсэу ди лъэпкъгъуэм папщІэ концерт тхэр ятыр т

Махуэ 14-м кьриубыдэм «Нэхум» хуэзэфІэкІар кьэлЫытэгъуейщ. Хореограф гъуэзджэхэу ИньАху Инвер-рэ СтІащ Софятрэ зыдэлажьэ гупыр кьуажэ, кьалэ пщы бжыгъэхэм щыащ, концерту 5 ятащ, Яловэ кьалэм кьыщызэрагъэпэща Дуней-псо Іуэрыуатэ фестивалым хэтащ, футбол зэІуэщІу 4 ирагъэкІуэкІащ, адыгэхэр щызэрыцыху, я Іуэху епльыкІэхэмкІэ щызэхъуажэ зэхуэсхэр, джэгухэр зэхащащ. ЖьІпэнэркъэ, ягу кьинэжьынрэ хэкум кьыщІыхуеІэн хуей хьыбар куэдрэ зэхрагъэхащ хамэ щІыпІэр псэупІэ зыхуэхьуа ди лъэпкъым.

Апхуэдэуи КІэрмыт Мухьдинрэ Хъуэткъуэ Хьызырэ яхуэщащ муниципалитетым и тхьэмадэ Кескин Бекир, Бурсэ кьалэм и районхэм ящыщ зым и Іэтащхьэ Дундар Мустэфа, Бандырма кьалэм и унафэщІ Пекел Седат сымэ, нэгъуэщІхэмри.

- «Нэху» ансамблым сыт щыгъуи дэ дожьэ, ар жьы-Іурыкьэгъуэу диЗми ярейщ, - жиащ Иллккуршун кьуажэм и нэхъыжь ЖьІэздахьэ Сабри. - Мухьдинрэ абы и гупымрэ ди кьуажэм кьыщыкІуэжІэ ди гъащІэм зехьэуж, мэщІэращІэ. Эхьхьхьэр ирагъэкІуэкІ, адыгэу дунейм тетым я Іуэхухэмрэ гуныкьуэгъуэхэмрэ зэхуаІуэтэну Іэмал яІэ мэхъу, дэнэкІи адыгэбзэмрэ лъэпкъ макъамэмрэ кьыщІоІу. Мухьдин хуэзфІокІ хэкуэгъуэхэр зэрришэлІэнуи, Іуэхуфі-хэмкІэ гъэщІа абы и гупсысэхэр илъэс куэдкІэ мыкІуэщІыну ди гуапэщ.

Уэыте тхьыхьынрэ щІэджыкІакІуэхэм яхуэпІуатэ хьун куэдрэ щытлъэгъуащ икІи щыІэхэтхащ Тыркум. Псоми чэзу яІэщи, апхуэдэ тхыгъэхэм ди гуапэу щІэх-щІэхыуэ фыщыдгъэгъуэзэнщ...

Тхыгъэри сурэтхэри зейр **НЫБЭ Анзорщ.**

● Іуэрыіуатэ - дыщэ пхъуантэ

ЦІыхубэ Іущыгъэ

Псалъэ шэрыуэхэмрэ псалъэжьхэмрэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр №№173, 176-хэм итщ).

Адэм и Іэщэр къуэм и щэнщ.
Адэм и Іэщіагъэр къуэм и уагъэщ.
Адэ мыгъасэм и къуэри мэсэхъу.
Адэ мыпхъу бынгъэкІуэщ.
Адэ уиІэ щыкІэ, уи лъэпкъыр зэгъэщІыхуу.
Адэ ухъухункІэ адэр зыхуэдэр пщІэкъым.
Адэ щІэинкІэ псэуа щыІэкъым.
Адэм кьыхуэна сабийр ибафэщ.
Адэм хуэмыгъасэр анэм хуэумыскъым.
Адэр псэухукІэ къуэр щІалэщ.
Ажэмн жьакІэ тетщ.
Анэ-адэм бын зэхадзкъым.
Анэ-адэм шэч яхуумыщІыж.
Анэ-адэм уэебгъэлъагъур бынхэм уэ уагъэлъагъужьынщ.
Анэ-адэм я хьэкъ кьыызытенэм быным ирегъэпшынныж.
Анэ-адэфі бынымфі яхуэщ.
Анэ бгъафэр сабийм и жэнэтщ.
Анэ быдзышэм щІакхъуэри кхъуейри хэлъщ.
Анэ гыбзэр быдз зэхуакум дэкІкъым.
Анэгур гуаУэ пхъуантэщ.
Анэгур мыгъэщи, бын мыгъэр Іэфіщ.
Анэ гущІэр лъащІэнщэщ.
АнэдэкІуэрэ лІы дэкІуасэрэ емыкІу хэлъкъым.
Анэ здэщыІэм сабии щыІэщ.
Анэ зиІэм дунейр иІэщ.
Анэ зиІэм и Іэр быдзэщ.
Анэ змышІэм гуІэр и махуэщ.
Анэм быныр и зэхуэдэщ.
Анэм и бгъафэр фом нэхър нэхъ Іэфіщ.
Анэм и бгъафэр хъуныфэ джэдыгуащ.
Анэм и бын гуаУэр зэи жьы хъуркъым.
Анэм и быным хуищІэр фІэмащІэщ.
Анэм и гуапэр дыгъэм нэхър нэхъ хуабэщ.
Анэм и гуэныхьыр пхуэпшынькжьхъм, уи Іэгу джэдыкІэ хуибгъэжьыхьми.
Анэм и губжьыр уэсым хуэдэщ - куэду кьесми, щІэхьыу мэткІуэ.
Анэм игукІэ сеужьи, фызым игукІэ сыкъэкІуэж.
Анэм ягу пщІанэр бын псоми я зэхуэдэщ.
Анэм и губжьыр жьым хуэдэщ - ину кьепщэми, щІэх тоуж.
Анэм и гур быным хуоср, дыгъэзэм и кІэдахъуэр мэс.
Анэм и гъуапэр пхъум и джанэщ.
Анэм и гъуапэр пхъум и щыдэжьнщ.
Анэм и дэпъхур адэ пэлъытэщ.
Анэм и куэщІыр сабийм и гущэщ.
Анэм и псэм дэкІыр и фэм кьеІуатэ.
Анэм и удыныр узкъым.
Анэм кьыуипэсыр гъэгунэс.
Анэм кьыуитыр Іэфіщ.
Анэм лъэгущІэтын зыхъэщ.
Анэм и щІыхуэр зымы хуэпшынакъым.
Анэм и Іэр ину иІэмы, цІыкІуу тохуэ.
АнэнэпІэсым хуэпщІэр фІэмащІэщ, кьыпхуищІэр фІэкуэдщ.
АнэнэпІэсыр уэсым нэхър нэхъ щІыІэщ, зэзым нэхър нэхъ дыджщ.
Анэм псибл Іутщ.
Анэншэ гъащІэр гу щІыІэгъуэщ.
Анэншэм мыгъэр и махуэщ.
Анэншэр зеиншэщ.
Анэпсэр фоупсым хуэдэщ.
Анэр зыгъэзеиншэр лІэмэ хьэдагъэншэщ.
Анэр зыфІэІейми ар ихъуэжьыфкъым.
Анэр зыщытхъыр и бынщи, быныр зыгъэдахэр гъэсэныгъэщ.
Анэр нэщи, адэр лъэпкъщ.
Анэр хабзэ ублапІэщ.
Анэшыпхъу анэ пэлъытщ.
Анэ иЗмэ, сабийр ибжьыщм.
АнэІэкІэ кьыугуэхи, анэгукІэ кьызэт.
Благъэжь хьфІымыдзэ, гъуэгужь умыбгынэ.
Быныр гъэсамэ, зыпІар епІыж.
Бын зыщІэмыхьхъэр и щхьэ щІотІахьуэ.
Дадэм щІыгъур нанэщи, нанэм щІыгъур дадэщ.
Дахэм дахэ къелъхури, Іейм Іей къелъху.
Ди адэ хэр зэмышми, ди анэхэр зэшыпхъущ.
Дыгъэм и хуабагъэмрэ анэм и гуапагъэмрэ зэхуэдэщ.
Дыгъэр хуабагъэщ, анэр гуапагъэщ.
Дыгъэ нэпс нэхъ-рэ - анэ бгъафэ.
Зэлхэр зэпэІэщІэмэ, я щІэщыгъуэу зэлъэпхъэ.
Зи адэ зымыгъэфІам фІыкІэ ущымыгуГъ.
Зи адэ лІар ибэ ныкъуэщи, зи анэ лІар ибэ хьурейщ.
Зи анэ зыхъуэжьым имыхъуэжьын щыІэкъым.
Зи анэ хуэмыщыпкъэм и хэкумкІи щыпкъагъэ хэлъкъым.
Зи къуэш мащэ хуэзытІым зэраукІыну сэр кьеуІэпхъэщ.
Зипхъу кьэт анэр и кІэ тетІысхьэжкъым.
И адэ еплъи, и къуэр кьудзэ щІы.
И анэ гупсэщ, и адэ псэущ.
Кьэзыгъэуа зымыщІыхуэжьр кьиІъхуаХэм ящІыхуэжьныкъым.
Къомыщэжьнур уи анэмрэ уи нитІымрэщ.
Къуэ делэ зиІэм и анэр гуІэ хигъэкІкъым.
Къуэ закъуэрэ нэ закъуэрэ.
КъуэфІым адэ щІэин хуэумызыІыхьэщ.
Къуэфі и анэ гуфІэ щигъащІэкъым.
Къуэ зимыІэу щІэлІэм башым ІэплІэ хуещІ.
Къуэш лей щыІэкъым.
Къуэшынщэ щІэупщІакІуэнщэщ.
ЛъыкІэ зэш нэхър-э - гукІэ зэщ.
Мыгъуэр зи мыгъар анэрщ.
Нанэ хьэлыващІэ, дадэ кІэрыщІэн.
Уи адэ кьошхьідэкІэ, зумыгъэгуэ, уи анэ кьыпщытхъукІэ, зумыгъэсхъу.
Уи адэм и щІапІэр гъэдахи, уи анэм дахэу епсалъэ.
Уи анэ зэрымысым дыщасэ умыкІуэ.
Уи анэ зэрымысым зыщыгъэпсэхуи кьикІыж.
Уи анэ хьмылъхуэ уи кьуэшкъым, уи къуэш кьимыша уи нысэкъым.
Уи анэ и Іэгу иІым епльи, уи Іэ иІыым едзакъэ.
Уи анэ кьыбжиІэм едаІуэ, уи адэ кьыбжиІэр гъэзащІэ.
Уи анэрэ уи нитІрэ.
Уи анэр фІыуэ пльагъымэ, нэгъуэщІым анэкІэ уемыхъуэн.
Уи анэ Іейми, кьыхьфІ бгъуэтынукъым.
Уи анэр уиІэхукІэ ущІалэщ.
Укъэзыпхъухэм яхуэщыпхъэ цІыхугъэр зэи пасэ хьурекъым.
ЩІэбгъэ зыщІэмыхьхъэр лъэпкъ хъуркъым.
Іыхьлы зимыІэм и жьыпм ІэплІэ ирешэкІ.

Зыгъэхьэзырар **ШЭРДЖЭС Алийщ.**

● Лъэпкъ Іуэху

Гупсысэ нэхъыщхьэр

КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящрэзэкІуэжьмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІ «Щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр» проектым хыхьуэ, «Эстоние щэнхабзэм и махуэ» зыфІаща зэІущІэ Налшык и курыт еджапІэ №25-м кьыщыІэрагъэнэщащ.

ЗЭХУЭСЫМ и гупсысэ нэхъыщхьэр эстоние лъэпкъым и хабзэхэм, и псэукІэм, и Іуэхущафэхэм еджакІуэхэр щыгъэгъуэзэныр, лъэпкъым яку зэныбжьыгъуэ, зэгурыІуэ дэлъыпи зэрыхуейр яжеІэныр, ШколакІуэхэм я пащхьэм кьыщыпсэлъащ «Кодумаа» эстоние лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ Романи Марет. Ар тепсэлъыхьащ Эстониеи и щІыналъэм, школакІуэхэр щигъэгъуэзащ абы и тхыдэм, щызекІуэ хабзэхэм.

Романи Марет

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэр епльащ эстон літературэм и гъэлъэгъуэныгъэм. Абы утыку кьыщрахьащ журналхэр, тхыльхэр, эстонылбэзэр зэрыраГъэдж учебникхэр.

Эстоние къэралыгъэм, «Кодумаа» лъэпкъ щэнхабзэ центрым теухуа видео гъэлъэгъуэныгъэкІэ зэІущІэр зэхуащІыжащ.

БЛИЙ Даяиэ.

Эстон тхылъхэр

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

И къуажэгъум йодыгъуэж

Урысей Федерацэм и МВД-м ПІэджэм куеймкІэ и къудамэм и дэжьакІуэхэм ябыдащ и къуажэгъум и ГАЗ-31029 автомашинэр езыхужь, нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, 1968 гъэм къалъхуа щхьэлыкъуэдзыр.

ЛЕЙ зытехьам полицэм псынщІэу зыхуигъэзащ. БзаджащІэм и лъагъуэм полицейхэр техьащ. Хабзэхъуэмэхэр кьиІэрыкІэлъыкІуэм ту лъызыта бзаджащІэр яІэщІэкІыну яужь ихьащ, арщхьэкІэ электрокъару зэрыкІуэ кІапсэр зыпыдза пкъом еуащ. Иужьым, машинэр кІигъанэри, щІэпхъуэжыну хэтащ.

Іуэхур зэхэгъэкІ. Яубыдар нэгъуэщІ апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэм ящыщІамэ кьапщытэ.

Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Бахъэ кьалэм щыщ **Гындыгъу Руслан Нухь и къуэр** гъащІэм гу щихуэну хуитмыкІуэ дунейм ехыжа-щи, абы и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ дахуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

ЖЬДАМЭХЭМ: политикэмкІ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкі Сонэ, редактору Истэпан Залинэ, корректорхэу ПхытІыкі Юрэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.),* **корректорхэм я ІэпыкІыгъэ Мырэзкъан ФатІимэ.** ***Компьютерхэр газетым и теплэр ящІащ*** **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 19.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 8.878 ● Заказ №3327